

31. KA SAWAH.

Soeboeh-soeboeh indoeng Roesdi geus sadia sakoer bawacun ka sawah. Geus rada beurang, anak-anakna diharoedangkenn. Misnëm geus njar-ing, ari Roesdi goesak-gisik keneh bae, koeliat djeung heuaj.

Omong indoengna: „Rek mariloe sia ka sawah? Hajoh geura haroelang, toeh, panou poë geus hidjil, ari sia harees keneh bae. Tah ieu teko bawa koe sia, Roesdi; ari eta këndi koe Misnëm.”

Djoeng indoeng Roesdi indit ti imahna, diiringkenn koe anak-anakna djeung koe boedjang-boedjangna. Teu lila geus daratang ka saeeng sawah.

„Euleuh, geuning rea pisan noe dibaroeat teh,” tjeuk Roesdi. „Geura meunang deui oraj santja, tjara kamari.”

„Soekoer 'ge meunang hidji deui, ambek hidji sewang djeung kami,” tjeuk Misnëm. „Hajoe ah! oerang mariloe diboeat!”

„Wahl sia kawas bisa, Misnëm.”

„Atoeh, rek diadjar bae, 'kang Roesdi.”

„Tah etem sia, 'Di! Tah etem sia, 'Nëm!”

tjeuk indoengna. Ela doa boedak rarèsépam
nakër dibocat bari karakawihan.

Pare beubeunangan dibocat geus ngagaroen-
doek satoeroet-toeroel galéng, toeloj diarakoetan
ka saeang.

Geus rada beurang, brak dadaharan.

Roesdi, Misnëm ngarioeng, dadaharanana
djeung indoeng bapana. Tas dadaharan, pek
deni sagawe-gawena.



'Pa Roesdi ngamandoran noe dibocat, ari
ëmana ngoeroes pare noe di saeang.

Baroedak noe doa jalompatañ deni ka
sawah, dialadjar dibocat.

Barang geus rada boerit, djëlëma noe darërëp
lea karoempoel di saeang. Koe indoeng bapa
Roesdi toeloj ditagianan pare.

„Naha parena dibikeunan, bapa?” tjeke Roesdi.
 „Atoeh moal pinoeh leuit oerang.”

„Hër, ari si Oedjang! Atoeh moal darakeun
 diboeat, ari teu diboeroehan mah.”

Sanggeus sarerea kabagian pare, djoeng arindit,
 toeloej baralik.

„Eulenh-euteuh, wani ngabroel itoe! Ari geus
 dibere pare mah, hët baralik, nja bapa?”

„Atoeh poegoch bac, 'Djang,” tembal bapana.
 'Pa Roesdi, indoengna djeung boedjang-boe-
 djangna toeloej meres-mereskeun pare beunang
 diboeat tea.

„Na' änggeus diboeatna, bapa?” tjeke Roesdi.
 „Isocken deui,” tembal bapana.

Indoeng Roesdi entep-entep wawadahan, djoeng
 disoehoen, ngiringkeun anak-anakna baralik ka
 lëmboer.

32. ROESDI GERING.

Barang datang ka imah, ëma Roesdi toeloej
 beberes di dapoer djeung di imahna, dibantoean
 koe si Misnëm. Ari Roesdi toeloej asoep ka
 imah, bloeg ngëdlëng hari gëgëroengan.

Indoengna katjida kagetannana, nendjo si Roesdi geus ngalehleh, awakna panas kawas seunco bae.

„Koe naon, Oedjang?” tjeuk indoengna.

Roesdi gégéroan: „Ema toeloeug! bapa toeloang! hocloe koering njéri pisan!”



Indoengna geus teu poegoch polah, nendjo anakna goegosiungan. Harita keneh toeloelj loempat ka sawah, bebedja ka salakina. Salakina kageteun pisan, sot pare, ljoel saeeng, leumpang gagantjangan: ka imah, bari gégéléndéng ka pamadjikonana. „Naha atoeli si Roesdi tadi di sawah, di sina papanasan.” Ari djol ka imahna, teu kiriz? Pa Roesdi reawascanana, nendjo anakna geus émpas-émpes bae. . . .

Doea tiloe poé ti harita Roesdi katendjo koe kolot-kolotna rada tjageur.

Tjeuk Misnëm: „Ka Roesdi geura tjageur atoch, koering euweuh batocr oelin; émbe djeung domba sok disarada bac, nanjakeun: „Ka mana 'Djang Roesdi?' Si Pintjang sok eong-eongan bac, neangan 'Djang Roesdi.'"

Roesdi geus bisa ngomong: „Misnëm! isoekan oge aing tjageur, da ajeuna boeloe geus teu njëri djeung sok hajang barang hakon."

„Sockocr atoch ari tereh tjageur mah, kaka!" tjeuk si Misnëm.

Isoekna Roesdi geus bisa dioek, leuleumpangan di djëro imah.

„Ĕma! Ĕma! dika-manakeun beutjung koering," tjeuk Roesdi, „geuning ajeuna mah djadi këmpleng, hënteu njëmploe kawas bareta."

„Keun bac, Ocdjang," tembal indoengna, „moal lila oge lintoeh deui; geura beuki deui bac barang hakanna."

Indoeng bapana aratobeun pisan, nendjo anakna gens tjageur deui kawas sasari.

33. GEUS TJAGEUR.

Isok² Roesdi djeung Misnēm dariciek di tēpas loekang.

Roesdi ngamong ka Misnēm, pokna: „Misenēm! hajoe oerang oelin deui.”

„Ah, Oedjang, oclah papanasan oclinnā, lisi gāring deui,” tjeuk indoengna.

„Moal, ěma, da ioeh! Koering teu geus hajang papanggih djeung si Djaloe, lila pisan koe koering tara ditjoo.”


Barang gok djeung ěmbena, ěmbena teu nuncĳo² atjan: ari sasariua mah ěmbe-ěmbean bari njampeurkeur. Ari harita ngan dĳpa bae teu ngalieuk-ĳieuk atjan ka Roesdi.

Koe Roesdi ditjaloekeun: „Djaloe! sia teu poho deui ka aing, pedah aing bĳgang?”

Roesdi koe si Djaloe diawas-awas. Lila² uanehna njampeurkeun bari koetap-ketap, disada ěmbe-ěmbean. Moen djĳěma mah neureun kien pokna: „Ach-ach! koelan eta teu Oedjang Roesdi? Bagea Oedjang! Geus damang? Geuning ajeuna mah bĳgang, teu lintoeh kawas haroto?”

Meureun kitoe piomongean dombana teh, lain?

Di pipir imah, oetjingna keur dĕpa; eta oge disampeurkeun koe Roesdi. Biasana sok eong-congan bari koepal-kepot bocutoetna, tapi harita mah ngahĕrĕngan, toeloj locmpat naek kana tangkal djamboe.



„Pintjang, ka dieu,” tjeuk si Misnĕm, „sia teh poho deui ka Oedjang Roesdi?”

Oetjing disada: „Eong-cong-eong!”

Lamoen omong djalma mah kieu: „Ih, lain Oedjang Roesdi eta mah, da hĕgang, da ari Oedjang Roesdi mah liutoeh.”

„Apan tas gĕring,” tjeuk Misnĕm.

Koe si Pintjang ditendjo bac beungtos; lila-
lila ingätun deni ka roepana Roesdi.

Oeljing toeroen lina langka, njampurkeni
ka Roesdi hari disada: „Oeang-eong, oeang-
eong.” Meureun Soendana mah: „Geuning énja
Oedjang Roesdi. djoeragan aing tea.”

Ti poë eta mimiti si Roesdi oelin deni djeung
tjotjocunana, saperti biasa katotekang-toekang.

34. DILONGOK KOE AKINA.

Dina hidji poë aki djeung ninina Roesdi
daratang, maksoedna rek ngalongok ka Roesdi.

Barang ajol, njampak noe gëringna geus
tjagam.

„Tah geuning, geus oelin deni. Dimana ari
bapa, Oedjang?” tjeuk akina.

„Teu aja, di sawah, kapan keur panen di
dieu mah, aki,” tembal si Roesdi.

Kahënëran Pa Roesdi ti sawah datang.

„Iraha soemping, hapa?” omong Pa Roesdi.

„Bieu,” tembal aki Roesdi. „Ka dieu teu rek
ngalongok noe gëring, maksoed tea mah; tapi ari

djol, bét geus kasampak keur oelin di boeroean.”

„Lailah, bapa! Kapan géring kaljida pisan si Oedjang teh, népi ka teu daek barung bakanhakan atjan; tah geuning, mané bégang kawas kitoe.”



Barang geus lila sosoanana, baroedak toeloj aroelin deui. 'Ma Roesdi njadiakeun dadaharan, 'Pa Roesdi ngala laek ka baloug.

Sanggeus sodia dahareunana, brak ngarioeng, dadaharan. Tas dadaharan, toeloj ngawarang-kong népi ka péting.

Isoekna bral ka sarawah. Si Roesdi didjaga pisan koe kolotna, teu meunang papanasan deui. bisí géring kawas barele.

Pasosore aki Roesdi, ninina djeung kolot-kolotna baralik ka lemboer....

Aki djeung nini Roesdi menang saminggoe ngarandjang di kofot Roesdi. Barang kadalapan-poëna, aki Roesdi rek balik ka lëmboerna, djeung Roesdi diमितकेun ka bapana, disina ngandjang ka akina.

„Sac si Oedjang rek ditjandaak auli, ngan oelah lila teuing djeung di ditoëna poupeudjeb minape. hisi oelin teu poegoeh, maloeza boedak bangor.” Jenk Pa Roesdi.

Tembal aki Roesdi, „Oelah mélang, koe lupa tangtoe dioeroes pisan, da kanjaah bapa oge moal beda ti indoeng bapana.”

Gens kitoe, pek koe aki Roesdi ditangtoekann poëna pinditeun, nja eta dina poë Abad, minggoe hareup.

35. PASIRI.

Otenggal poe, waktos aki Roesdi aja di anak intjoëna, dihorimat-hormat bae, roepa-roepa kadaharan noe ngareunah dipoepoedjockeun.

Sabada saralat isa, aki Roesdi dirioeng di têngah imah koe haroedak noe doëaan.

„Amboe Roesdi! bapa mah koe hajang leumeung kĕtan anjar,” tjeuk aki.

„Ēnja bac, „Ma, moen isoekan ngateumeung di sawah. Hĕg, bawa bakakakna noe gadĕih.” tjeuk Roesdi.

„Angot ieu mah si Boesang, aja djalan koma meuntas,” tjeuk ĕmana.

„His! kapan ngahormat aki, koering mah ngan rek ngabantoean daharna bac,” tjeuk Roesdi.

„Heg atoeĕ, tapi ajeuna sia koedoe mangoĕmbangkenn aki,” tembal ĕmana.

Toeloeĕ Roesdi tembang lagoe Poetjoeng, kieu pokna:

Iroeng manjoeng dieunteupan laleur tiloe,
 ditĕpak teu beunang;
 euntenp kana hiwic djĕbleĕh;
 hoentoe tonggar dieuntenpan bango boetak.

„Aaaaah!” tjeuk Misnĕm.

„Euleuh”, koetan si Oedjang teh geus bisa tembang,” tjeuk aki.

„Hih, aja keneĕ, aki, hidĕi deui. Geura koe aki dengekeun.”



Peujeun sampeu dagangan ti Kantja-
 [poerocel. 2]
 didjoeal doa sadocit,
 diboengkoesan daen waras,
 diroeroban daen djati.
 katocangan anoe ompong.

„Geus tawékal si Oedjang mah, geus bisa
 makajakeun ka kolot téh,” tjek aki.

„Toeloes isoekau ngaleumening téh, nja éma,
 da énggenns lémbangna mah,” tjek Roesti.

„Heg.” lembal indocagna. „Ajenna mah geura
 sarare bac, lisi tuggaleun ngalocloeh tancuh.”

Toeloj baroedak ka arénggon.

2) Magatroe.

36. MAJOR.

Isoekna, soeboeh, 'Ma Roesdi geus ngagigihan leumcungeun. Kalapana, doewégan santri, geus dikoeckoer. Sanggeus sadia kabéh, toeloej indit ka sawah; si Roesdi manggoel ileuk akina, ari si Misnén ngais leumcungeun.



Barang datang ka sawah, ujampak geus teu djëléma noe ngimeutan gogorontong. Bapa Roesdi toeloej nitahan boedjangna, ngala awi tuli noe ngora kenéh saleundjeur keur ngaleumcung. Geus kitoe, toeloej dikéléngan saroeas-saroeas. Ari amboe Roesdi ngagalokeun gigih, katapa djeung oejah. Sanggeus kitoe, pek dieusikeun kana rocos sarta toeloej ditanggeuh-tanggeuhkeun kana

puanggongna, noe beuzang ngadadék ujieun harita, pek disenneuan ti handapna.

Kabéhéran nja rocas hidji, teu kacusieu. Si Misuém toeloej ngala daoen taleus, pek diiétégkeun kana rocas tea. Heg diljauan saentik sarta diasoepan nejah, kocnlji, tjabe, bawang djeung katoembar djintén. Sok ditendeun deukeut rocas" leumeung. Sanggeus tegagolak tjaina, toeloej dirodjok kaé awi. soepaja djadi lémpoer djeung rala asakna.

Kira" wantji péljat sawéd, leumeung djeung loto papasakan si Misuém tea asak. Lotona ditamplokkeun kana djadjaunbareu, ari leumeungna pek dibeulahen.

„Leuh, na nja seugit, nja éwa!" tjék Roesdi.

„Jeu mah leumeung nec sarocas keur koering bae sorangan, lotona sing rea kana batok, laék hajanna pingpingna, ambéh seubeub, nja 'Ma'!"

„Heg, dapon geura lintoeh deui bac," tjék indoengna.

Toeloej haroedak dahar, balakéjrahan, soekan" rioeng maengpoeloeng.

Pasosore toeloej maroelang deni ka lémbhoer.